

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION**ISTWA ETAZINI
AK GOUVÈNMAN****Jedi**, 29 janvyè, 2009 — 9:15 a.m. a 12:15 p.m., sèlman

Non elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, ale nan dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo e, dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

Pati I genyen 50 kesyon a chwa miltip Enrejistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

Pati II genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

Pati III baze sou plizyè dokiman:

Pati III A genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

Pati III B genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konsepsyon kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy kominikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.


PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a, *nimewo* mo oubyen ekspresyon nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jeyografik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2 yo.



Sous: Robert A. Divine et al., *America: Past and Present*, Scott, Foresman (adapte)

- 1 Ki sa ki ta meyè tit pou kat jeyografik sa a?
 - (1) Amerik Dinò Britanik Anvan 1850
 - (2) Ekspansyon Teritorial Etazini
 - (3) Amerik Dinò nan peryòd Kolonyal la
 - (4) Akizisyon Tè nan Peryòd Lagè

- 2 Acha Lwizyàn lan te enpòtan pou Etazini paske li
 - (1) te elaji fwontyè peyi a pou rive jis nan Oseyan Pasifik la
 - (2) te retire Espanyòl yo nan Amerik Dinò
 - (3) te fèmen tèritwa alwès yo pou pa gen esklavaj
 - (4) te vin gen kontwòl Rivyè Misisipi a

3 Ki karakteristik jeyografik ki te sèvi kòm fwontyè oksidantal pou koloni Britanik kolonyal la anvan Lagè Revolisyonè a?

- (1) Montay Rocky yo
- (2) Rivyè Missouri
- (3) Montay Appalachian yo
- (4) Great Plains yo

4 “...Konsa pou garanti dwa sa yo, gouvènman te fòme pami yo, ke pou pouvwa jis se lè moun yap dirije yo dakò pou bay li...”

— Deklarasyon Endepandans

Ki pwovizyon nan Konstitisyon original Etazini an ki te pi sipòte ideyal sa a?

- (1) pèmèt prezidan an pou l chwazi yon kabinè
- (2) pwovizyon pou eleksyon dirèk Lachanm Reprèzantan yo
- (3) pèmèt pou Sena a eseye atik sou akizasyon an (impeachment)
- (4) otorize Lakou Siprèm pou l pran desizyon sou diskisyon ant eta yo

5 Delege nan Konvansyon Konstitisyonèl ane 1787 la te dakò ak Akò twa senkyèm la pou rezoud diskisyon ki gen rapò dirèk avèk

- (1) pouvwa prezidansyèl la
- (2) reprezantasyon nan Kongrè a
- (3) yon desizyon Lakou Siprèm lan
- (4) adisyon yon deklarasyon dwa moun

6 Ki karakteristik nan Konstitisyon Etazini an ki tradisyonèlman bay eta yo otorite sou edikasyon piblik?

- (1) pouvwa rezève
- (2) diskou
- (3) senkyèm amandman
- (4) ide sipremasi

7 **“Prezidan Wilson Reprèzante Etazini nan Vèsay”**
“Prezidan Reagan Rankontre Prezidan Sovyetik la Gorbachev”
“Prezidan Carter Negosye Akò Camp David”

Chak gran tit sa yo ilistre yon epòk kote prezidan Etazini an te aji kòm

- (1) diplomat an chèf
- (2) lejislatè an chèf
- (3) kòmandan an chèf
- (4) chèf yon pati politik

8 Ki aksyon endividyèl premye amandman an te pwoteje dirèkteman?

- (1) Envansyon telefòn Alexander Graham Bell te fè an 1876
- (2) Kòmand Theodore Roosevelt te gen sou Rough Riders an 1898
- (3) Eleksyon prezidan Franklin D. Roosevelt pou yon twazyèm manda an 1940
- (4) Dr. Martin Luther King Jr. alatèt yon mach vè Washington, D.C., an 1963

Sèvi ak sitasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.

. . . Peyi a merite e mwen pral chwazi yon jij pou Lakou Siprèm Ameriken yo pral fyè de li. Peyi a merite yon pwosesis konfimasyon ki diy nan Sena Ameriken an, kote pral gen tretman jis, yon odyans ak yon vòt san patipri. Mwen pral chwazi yon kandida rapidman konsa odyans lan ak vòt la ka fèt anvan nouvo manda Lakou Siprèm lan kòmanse. . .

— Prezidan George W. Bush, 2005

9 Ki prensip konstitisyonèl sitasyon sa a sijere?

- (1) federalis
- (2) sistèm pouvwa ekilibre a
- (3) Dwa eta yo
- (4) garanti sitwayen devan la lwa

10 Nan diskou adye li a, Prezidan George Washington te avèti kont etablisman alyans avèk peyi Ewopeyen yo paske li te enkyete l prensipalman konsènan


- (1) restriksyon sou komès avèk Amerik Latin
- (2) kolonizasyon Karayib la pa Fransè yo
- (3) Patisipasyon Etazini nan gè etranje
- (4) pwoteksyon fwontyè alwès yo

11 Yo te pase Doktrin Monroe a (1823) prensipalman paske Prezidan James Monroe

- (1) te vle avèti puisans Ewopeyèn yo kont entèvansyon nan Amerik Latin
- (2) te opoze revolisyon ki t ap fèt ann Amerik Disid
- (3) te bezwen pran pozisyon nan Panama pou yon fiti kanal demen
- (4) te kwè Etazini dwe pouswiv koloni aletranje yo

Sèvi ak kat jeyografik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 12 la.

Chemendefè an 1840 ak 1860



Sous: Kownslar and Frizzle, *Discovering American History*, Holt, Rinehart and Winston (adapté)

12 Selon kat jeyografik la, ki deklarasyon ki se yon konklizyon valab?

- (1) Vil nan pò yo pat konekte ak chemendefè yo.
- (2) Li te pi chè pou kontwi chemendefè pase kanal.
- (3) Yo te abandone pifò kanal yo anvan Lagè Sivil la.
- (4) Chemendefè yo te pran ekspansyon pi rapidman nan Nò pase nan Sid.

13 Politik prezidan Andrew Jackson te kreye anvè Endyen Ameriken Natif Natal yo se te pou

- (1) ankouraje Endyen Ameriken Natif Natal yo pou yo vin fè pati sosyete modèn Ameriken an
- (2) fòse Endyen Ameriken Natif Natal yo demenaje nan zòn ki alwès Rivyè Misisipi a
- (3) amelyore opòtinite edikasyonèl pou Endyen Ameriken Natif Natal yo
- (4) bay Endyen Ameriken Natif Natal yo sitwayènte

14 Piblikasyon *Uncle Tom's Cabin*, ekri pa Harriet Beecher Stowe, te kontribiye a kòmansman Lagè Sivil la lè

- (1) li ekspoze danje ki genyen nan fabrikasyon koton
- (2) li entansifye degou moun nan nò yo genyen pou esklavaj
- (3) li mete presyon sou prezidan an pou l sipòte emansipasyon
- (4) li konvenk Kongrè a pou l entèdi enpòtasyon esklav

- 15 Aprè peryòd Rekonstriksyon an, pasaj lwa Jim Crow yo nan Lesid te limite efikasite
- (1) 14èm ak 15èm amandman yo
 - (2) Biwo Esklav Afranchi yo
 - (3) Kòd Nwa
 - (4) tè an lweyaj ak sistèm meteyaj
- 16 Pandan fen ane 1800 yo, anpil fèmme Ozetazini te kwè pwoblèm ekonomik yo ta va rezoud si gouvènman federal la ta
- (1) ogmante to enterè yo
 - (2) fè grèv sendika yo vin ilegal
 - (3) mete plis lajan an sikilasyon
 - (4) reglemante sou kantite gren ki pwodwi
- 17 Nan fen 19èm syèk la, moun ki t ap kritike gwo komès yo te fè tankou monopòl fè ekonomi an plis tò lè
- (1) limite konpetisyon
 - (2) redwi to kwasans iben an
 - (3) anpeche inovasyon teknolojik
 - (4) pat ka kenbe konpetisyon ak endistri Ewopeyen yo
- 18 Nan fen 19èm syèk la, yo te itilize ide Darwinism Sosyal la prensipalman pou
- (1) ankouraje lwa pou edikasyon obligatwa
 - (2) eksplike diferans nan revni ant rich ak pòv
 - (3) ankouraje Kongrè a pou l mete fen nan imigrasyon
 - (4) sipòte kwasans nouvo pati politik
- 19 Rezon prensipal ki fè Kongrè a te ogmante to tarif yo nan fen ane 1800 yo ak kòmansman ane 1900 yo se te pou
- (1) ogmante taks sou revni
 - (2) redwi pri yo pou konsomatè Ameriken yo
 - (3) garanti travayè Ameriken yo salè ki wo
 - (4) pwoteje konpayi Etazini yo kont konpetisyon etranje
- 20 Refòmatè nan kòmansman 20èm syèk yo te souvan konn atake machin politik yo paske politisyen nan òganizasyon sa yo te konn souvan
- (1) refize pou pòv yo gen dwa pou vote
 - (2) aksepte peye anba pou favè
 - (3) gaspiye lajan nan depans militè
 - (4) fè diskriminasyon kont travayè migran

Sèvi ak lirik chanson ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 an.

Soulèvman Ven Mil yo

(Dedye a Waistmakers [chemizye] ane 1909)

Nan mitan fon livè mil nèf san nèf,
Lè nou te jele epi senyen nan liy grèv la,
Nou te montre lemond fanm ka batay
Epi nou te kanpe epi nou te genyen avèk pisans fanm.

Refren:

Aklame chemizye mil nèf san nèf yo.
Ki pran pozisyon yo nan liy grèv la,
Kraze pouvwa moun k ap reye yo,
Montre chemen an, kraze chèn lan.


Epi nou bay mesye yo nouvo kouraj
Ki te kontinye an mil nèf san dis
Epi zèpòl kont zèpòl nou pral gen laviktwa,
Sou direksyon I.L.G.W.U.

— *Annou Chante!*, Depatman Edikasyonèl, Sendika Entènasyonal pou Travayè ki fè Rad pou Fi, New York City

- 21 Ki tip aksyon ki gen rapò ak travay ki pi byen dekri nan chanson sa a?
- (1) yon grèv
 - (2) yon magazen ki ouvri
 - (3) yon sanksyon
 - (4) yon enjonksyon
-
- 22 Yon kokennchen objektif mouvman Pwogresif la (1900–1917) se te
- (1) estimile ekonomi an
 - (2) sipòte kontwòl gouvènman an genyen sou pwodiksyon nan faktori
 - (3) ankouraje imigrasyon ki sot nan Ewòp disid ak de lès
 - (4) korije abi ekonomik ak sosyal sosyete endistriyèl la
- 23 Jodi a, Sistèm Rezèv Federal la eseye estabilize ekonomi Etazini an lè l
- (1) egzije pou yo prepare bidjè federal yo epi pou prezante yo devan Kongrè a
 - (2) sezi epi kolekte enpo sou revni
 - (3) reglemante to enterè ak mas monetè a
 - (4) sipòte tout monnen avèk ajan ak lò

Sèvi ak grafik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn a kesyon 24 la.

Fabrikan machin pou transpòte pasaje, 1910–1929



Sous: *Historical Statistics of the United States, Colonial Times to 1970, Part 2*, U. S. Department of Commerce (adapte)

24 Tandans jeneral yo montre sou grafik la se te prensipalman rezilta

- (1) yon deklen nan ekonomi an
- (2) ogmantasyon nan itilizasyon chèn montaj
- (3) yon chanjman nan popilasyon an de zòn ibèn a fèm yo
- (4) yon ogmantasyon nan pri otomobil yo

25 Ki yon rezon prensipal ki fè Etazini te rantre nan Premyè Gè Mondyal la (1917)?

- (1) Japonè yo te okipe Mandchouri.
- (2) Twoup etranje te ateri sou sòl Ameriken.
- (3) Anpi Ostwo-Ongwa a te anvayi Bèljik.
- (4) Almay te rekòmanse gè soumaren san restriksyon.

26 Ki yon efè Revolisyon Bolshevik la (Oktòb 1917) te genyen sou Etazini?

- (1) Nativis te ogmante, sa te vin mennen nan Laterè Wouj la (Red Scare).
- (2) Tribinal federal yo te entèdi gwoup anti-imigran yo.
- (3) Pisans Alye yo te bezwen mwens twoup Ameriken.
- (4) Lwa sou imigrasyon te chanje pou pèmèt yo akeyi refijye ki te sot an Risi.

27 Ki efè desizyon “danje klè e prezan” yo te etabli nan ka *Schenck v. United States* (1919) lan te genyen?

- (1) mete limit sou libète konstitisyonèl
- (2) redwi pouvwa prezidan an lè gen lagè
- (3) limite kantite lè fanm ka travay nan endistri
- (4) mentni dwa eta yo genyen pou reglemante travay timoun


28 Renesans Harlem lan te fè monte kilti Afriken Ameriken lè l

- (1) ogmante opòtinite travay nan faktori pou minorite yo
- (2) ankouraje imigrasyon moun ki sot ann Afrik
- (3) vize atansyon sou kontribisyon atistik
- (4) mete yon fen nan legalize segregasyon rasyal

- 29 Pandan ane 1920 yo, Etazini te chanje politik sou imigrasyon li lè l te pase nouvo lwa ki
- (1) te bay kèk bagay pou atire plis imigran pou travay nan faktori
 - (2) ankouraje imigran Chinwa yo pou yo rantre nan peyi a
 - (3) pèmèt imigrasyon san restriksyon pou refijye lagè ki sot nan Vyetnam
 - (4) etabli kwota-èchel ki redwi kantite imigran ki sot nan kèk lòt peyi
- 30 Prezidan Franklin D. Roosevelt te kwè ke deklare yon jou ferye epi kreye Federal Deposit Insurance Corporation (FDIC) ta ede sistèm bank la lè l
- (1) ram nin anko konfyans piblik la nan bank yo
 - (2) redwi limit gouvènman an sou bank yo
 - (3) limite envestisman etranje
 - (4) bay moun yo soulajman nan zafè taks
- 31 Yo konsidere Lwa Sekirite Sosyal la (1935) kòm yon pwogram ki enpòtan paske li
- (1) te mete fen rapidman nan Gwo Depresyon an
 - (2) te bay travay pou moun ki te bezwen
 - (3) te etabli yon taks sou revni pwogresif
 - (4) te elaji sipò pou sitwayen ki aje yo
- 32 Peye, Pote Detwityè pou afè baz Naval ak Zak Prete-Louwe
- (1) kontribye nan siksè pisans de laks yo
 - (2) soulaje chomaj Gwo Depresyon an te koze
 - (3) garanti prezidan Franklin D. Roosevelt yon twazyèm manda
 - (4) ede alye yo san Etazini pa rantre nan lagè
- 33 Yo te itilize rasyonman Ozetazini pandan Dezyèm Gè Mondyal la kòm yon fason pou
- (1) asire gen kantite sifizan nan resous natirèl ki ra
 - (2) ogmante kantite enpòtasyon
 - (3) ogmante pwodiksyon byen konsomatè yo
 - (4) ofri mache pou pwodwi Ameriken fè
- 34 Jijman pisans Alye yo te fè aprè Dezyèm Gè Mondyal la nan Nuremberg, Almay, epi o Japon te etabli yon presedan entènasyonal lè l
- (1) mete responsablite a sèlman sou chèf sivil yo
 - (2) fòse nasyon yo peye pou domaj lagè a koze
 - (3) remèt pèt yo tètwa yo te konkeri yo
 - (4) bay endividi yo pote responsablite pou krim lagè yo fè
- 35 Devlopman Plan Marshall la avèk fòmasyon Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (NATO) te fè pati nan efò Prezidan Harry Truman pou l
- (1) mete fen nan Lagè Kore a
 - (2) limite pwopagasyon kominis
 - (3) bay peyi Azyatik yo èd
 - (4) fè monte yon politik eksteryè izolasyonis
- 36 **“Jackie Robinson Brize Baryè Koulè nan Major League Baseball”**
“President Truman bay yon Òd Egzekitif Ki Egzije Desegregasyon Lame”
“NAACP Defye Segregasyon nan Lekòl”
- Gran tit sa yo asosye pi pre avèk
- (1) Yon deklen nan patisipasyon Ameriken Nwa nan aktivite politik
 - (2) Kòmansman mouvman dwa sivil modèn lan
 - (3) Rezistan sid la a Lwa sou Dwa Sivil ane 1964 la
 - (4) efè pwogram aksyon afimatif la
- 37 “Pèsòn Ozetazini pa ta dwe, sou baz sèk, ekate de patisipasyon nan, pa jwenn benefis, oswa sijè a diskriminasyon nan ankenn pwogram edikasyon oswa aktivite k ap resevwa asistans finansye nan men gouvènman federal la, . . .”
— Title IX, 1972
- Pasaj lwa sa a te afekte fanm toupatou nan peyi a lè l
- (1) te ba yo dwa pou yo posede pwopriyete
 - (2) te garanti yo menm salè ak travay gason yo
 - (3) te ogmante opòtinite yo genyen pou patisipe nan aktivite espòtif nan lekòl yo
 - (4) te pèmèt yo gen dwa pou yo poze kandidati pou pòs politik

Sèvi ak graf ki anba a epi ak konesans ou an syans sosyal pou reponn kesyon 38 ak 39 yo.

Revni Mwayèn Reyèl chak Mezone: 1967 a 2003



Sous: U. S. Census Bureau, *Current Population Survey, 1968 to 2004, Annual Social and Economic Supplements* (adapte)

38 Selon grafik sa a, ki deklarasyon konsènan revni mwayèn chak fwaye ant 1967 ak 2003 ki pi egzat?

- (1) Li te double
- (2) Li te bese pa apeprè \$5,000.
- (3) Li te ogmante pa aperè \$10,000.
- (4) Li te ogmante pa apeprè \$50,000.

39 Selon grafik sa a, ki sa ki te rive pandan ane ki presede chak resesyon?

- (1) Revni mwayèn chak fwaye bese.
- (2) Tout moun t ap travay.
- (3) Revni mwayèn chak fwaye te rete menm jan.
- (4) Popilasyon Etazini an te bese.

40 Pasaj Ak Pouvwa pou Deklare Lagè ya ane 1973 te destine pou afekte separasyon pouvwa ant prezidan an ak Kongrè a lè

- (1) li pèmèt pou yo voye twoup yo aletranje san konsantman prezidan an
- (2) li egzije prezidan an pou l retire tout twoup yo nan Azi Sidès
- (3) li pèmèt prezidan an antre nan trete san konsantman Sena a
- (4) li mete limit sou kapasite prezidan an pou l kenbe twoup yo nan sityasyon dezagreyab

41 Ki evenman ki te mennen nan investigasyon ki te lakoz demisyon Prezidan Richard Nixon?

- (1) yon desizyon pou entansifye lagè nan Vyetnam
- (2) yon desizyon prezidansyèl pou bloke salè ak pri
- (3) yon antre an kachèt nan syèj nasyonal Komite Demokratik Nasyonal la
- (4) yon anbago lwil Òganizasyon Peyi Ekspòtatè Petwòl (OPEC) yo te mete sou petwòl

Sèvi ak konvèsasyon ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 42 a.

Prezidan an:

Helmut! Mwen nan yon reyinyon avèk manm Kongrè nou an epi m ap rele w alafen jounen istorik sa a pou m di w mwen swete tout bagay byen pou ou.

Chanselye Kohl:

Tout bagay ap mache byen, trè byen. Mwen nan Bèlen. Te genyen yon milyon moun isit la yèswa nan plas kote Mi an te konn kanpe a— epi kote Prezidan Reagan te mande pou Mesye Gorbachev pou l ouvri baryè sa a. Mo paka dekri jan m santi m. Tanperati a bon epi li fè cho, erezman. Te gen gwo foul jèn moun. Katreven pousan potko gen trantan. Sa te enkwayab. . .

Sous: Telephone conversation between Chancellor Helmut Kohl of Germany and President George H. W. Bush, October 3, 1990

42 Nan konvèsasyon sa a y ap pale konsènan


- (1) kòmansman pon averyen Bèlen an
- (2) ekspansyon Òganizasyon Trete Nò Atlantik la (NATO)
- (3) fen Lagè Fwad la ak reyinifikasyon Almay
- (4) seremoni kote yo t ap siyen Trete pou Entèdi Tès Nikleyè ak kreyasyon Liy Aksè Dirèk la

43 Ki tit ki konplete pi byen chema pasyèl ki anba a?

- I. _____
- A. Dezi pou nouvo mache
 - B. Kreyasyon yon marin modèn
 - C. Kwayans nan siperyorite Anglo-Sakson

- (1) Konsekans Premyè Gè Mondyal
- (2) Rezilta Akò Entènasyonal (Gentlemen's Agreement)
- (3) Evenman ki te vin mennen nan netralite
- (4) Faktè ki te soutni enperyalis Ameriken

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 ak 45 yo.



Sous: Tom Toles, *The Washington Post*, June 26, 2005 (adapte)

44 Ki ide prensipal desen sa a?

- (1) Boule drapo se yon lòt bagay ki koz rechofman planèt la.
- (2) Politisyen yo nan Washington vize yo sou move pwoblèm yo.
- (3) Gen mwens respè pou drapo Ameriken an nan lemonn.
- (4) Se otomobil ki prensipalman responsab pou rechofman planèt la.

45 Selon desen sa a, ki aksyon gouvènman federal la te pran ke moun ki fè desen sa ta plis sipòte?

- (1) limite dwa premye amandman an
- (2) fè monte kwasans endistriyèl
- (3) aplike règ sou anvivonman an
- (4) ankouraje globalizasyon

Sèvi ak tablo ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 la.

Pati Politik	Kandida dezinye pou laprezidansyèl	Vòt kolèj elektoral	Pousantaj vòt kolèj elektoral	Chif Vòt Popilè	Pousantaj vòt popilè
Republikan	George W. Bush	271	50.4	50,456,062	47.9
Demokratik	Albert Gore, Jr.	266	49.4	50,996,582	48.4
Vèt	Ralph Nader	0	0.0	2,858,843	2.7

Sous: National Archives and Records Administration, 2000 Presidential Election (adapte)

46 Ki jeneralizasyon konsènan eleksyon prezidansyèl Etazini yo pi sipòte selon done ki nan tablo sa a?

- (1) Yon kandida ka genyen eleksyon an san yon majorite vòt popilè a.
- (2) Kandida twazyèm pati pa gen ankenn efè sou eleksyon prezidansyèl yo.
- (3) Vòt kolèj elektoral yo detèmine volonte majorite elektè yo.
- (4) Patisipasyon elektè yo nan eleksyon nasyonal ap bese.

47 Depatman Sekirite Nasyonal la te kreye kòm reyaksyon dirèk a

- (1) Lagè Gòlf Pèsik la (1991)
- (2) bonbadman nan Oklahoma City (1995)
- (3) atak teworis le 11 septanm (2001)
- (4) inondasyon nan New Orleans (2005)

48 • Etablisman Kò de Pè
• envazyon Bè dè Kochon
• kriz misil Kiben

Evenman sa yo te rive pandan prezidans

- (1) John F. Kennedy
- (2) Lyndon B. Johnson
- (3) Richard Nixon
- (4) Jimmy Carter

49 Grèv Chabon Antrasit (1902), Lwa Wagner a (1935), ak fondasyon Fèmme Travayè Ini (1962) se te etap enpòtan nan

- (1) limite kwasans sendika yo
- (2) kreye plis egalite pou fanm
- (3) mete fen nan diskriminasyon kont Ameriken Nwa nan Lesid
- (4) mete an aksyon pratik pou travay ak negosyasyon kolektif pou travayè yo san patipri

50 Ki liv ki dekri fason Dust Bowl nan ane 1930 yo ki te afekte fèmme nan Great Plains yo?

- (1) *How the Other Half Lives*
- (2) *The Jungle*
- (3) *The Grapes of Wrath*
- (4) *Silent Spring*

Ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Part II

KESYON DISÈTASYON TEMATIK

Eksplikasyon Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale de sa pou fè pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm : Mouvman Moun—Migrasyon

Mouvman moun *ki* epi *andedan* Etazini te gen yon efè enpòtan sou peyi a. Mouvman sa yo te ni volontè ni envolontè.

Sa pou fè :

Chwazi *de* peryòd migrasyon ki te gen yon efè sou Etazini epi pou *chak*

- Dekri sikonstans istorik ki te mennen nan migrasyon an
- Diskite sou efè migrasyon an genyen sou Etazini

Ou ka itilize nenpòt peryòd migrasyon apati etid ou fè sou istwa Etazini. Kèk sijesyon ou ka vle konsidere se etablisman kolonyal (1600 yo–1700yo), ekspansyon nan direksyon lwès (1800 yo), migrasyon sot nan zòn rural pou al nan zòn iben (1870 yo–1920 yo), migrasyon Ewopeyen (1880–1910), Dust Bowl (1930 yo), sibibanizasyon (1950 yo–1960 yo), ak imigrasyon ilegal (1990 a jounen jodi a).

Ou pa bezwen limete w a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire w pou:

- Devlope tout aspè sou travay la
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki gen yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire pou panse a definisyon jeneral sa yo:

- dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman, ak deba; prezante ak kèk detay”

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire pou panse a definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalyte, rezònman, ak deba; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Yo fè li pou teste kapasite ou pou travay ak dokiman istorik. Yo te korije kèk nan dokiman yo pou nesosite kesyon an. Pandan w ap analize dokiman yo, konsidere sous chak dokiman ak nenpòt opinyon yo kapab bay nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Ant 1953 ak 1969, Jij Anchèf Lakou Siprèm Etazini an se Earl Warren. Desizyon nan Lakou Siprèm yo te pran pandan peryòd “Warren Court” la te pote anpil chanjman enpòtan nan diferan aspè nan lavi Ozetazini. Plizyè ka enpòtan te afekte pwoteksyon egal selon lalwa, separasyon legliz ak leta, ak dwa moun yo akize pou krim.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou pou kesyon yo ap ede w ekri redaksyon Pati B a, kote y ap mande w

- Diskite sou fason Warren Court la te afekte sosyete Ameriken

Pati A

Kesyon ak Respons Kout

Dokiman 1a

. . . Warren Court lan (1953–1969) te revolisyone lwa konstitisyonèl ak sosyete Amerikèn nan. Dabò desizyon alaronnbadè epi enpòtan [kritik] sou desegregasyon nan lekòl, *Brown v. Board of Education*, an 1954 alafen premye ane Warren nan tribinal la. Answit, an 1962 *Baker v. Carr* te anonse “revolisyon redekoupaj elektoral” ki garanti dwa egal pou vote [pou elektè yo kèlkanswa kote yo te abite]. Epi pandan tout ane 1960 yo, Lakou a te pran yon seri desizyon sou pwosedi kriminel ki te bay akize yo plis dwa epi li te bay aksè egal nan lajistis pou moun ki pòv yo. *Mapp v. Ohio* (1961), te pwolonje règ entèdi yo bay eta yo, epi *Miranda v. Arizona* (1966), te limite entèwogasyon lapolis fè avèk akize kriminel yo, kontinye senbolize revolisyon Warren Court la nan jistis penal. . . .

Sous: David M. O’Brien, “The Supreme Court: From Warren to Burger to Rehnquist,” *PS*, Winter 1987

1a Selon David M. O’Brien, ki **yon** efè Warren Court la te genyen sou sosyete Ameriken an? [1]

Score

Dokiman 1b


. . . Revolisyon Warren Court la nan dwa piblik te ankouraje malfezans [ostilite] ak rayisan prezizeman paske li bay pouvwa a moun ki te oparavan pa t gen opòtinite pou egzèse pouvwa. Kit nou apwouve konpòtman yo ou pa, pa gen anpil dout nouvo gwoup sa yo te kontribye dramatikman epi souvan de fason enkyetan nan kontou sosyete Amerikèn nan. Pifò nan sa Warren Court la te fè se te libere minorite ki te an dezakò ak majorite yo de limit nan ka legal ak sosyal pou twò lontan. Kèk kritik te plenyen di ke se Tribinal la se te rasin pwoblèm lan; li te ankouraje aksyon rebèl [dezobeyisans] pou avoka dwa sivil yo, ajitè kominis yo, kriminel yo, pwopajè sal yo ak raketè yo ki kache dèyè Senkyèm Amandman lè yo mande yo pou rann kont. . . .

Sous: Kermit Hall, “The Warren Court in Historical Perspective,” Bernard Schwartz, ed., *The Warren Court: A Retrospective*, Oxford University Press, 1996

1b Selon Kermit Hall, ki **yon** kritik yo fè kont desizyon Warren Court la? [1]

Score

Dokiman 2



Sous: "With an Even Hand," *Brown v. Board of Education* exhibition, *Library of Congress* (adapte)

Madan Nettie Hunt, ki chita sou eskalye edifis Lakou Siprèm Etazini an nan Washington, l ap eksplike pitit fi li, Nikie ki gen 3 zan 1/2 siyifikasyon desizyon sou desegregasyon Tribinal la te pran le 17 me 1954, nan foto sa a ki date 19 novanm 1954.

2 Selon foto ak sa ki ekri anba l la, ki enpòtans desizyon *Brown v. Board of Education* lan? [1]

Score

Dokiman 3a

. . . “Pwomès Brown lan pa t reyalize jan nou te anvizaje l la,” selon deklarasyon Sekretè Edikasyon Etazini an Rod Paige, ki te yon elèv nan lekòl pou nwa nan Mississippi ki se Jackson State University lè yo te pran desizyon an. Nan premye ane yo aprè desizyon an, lame t ap pwoteje elèv ki t ap rantre nan Central High School nan Little Rock, Ark., lekòl yo te fèmen nèt nan Konte Prince Edward, Va., epi fanmi blan yo nan Lesid te mete pitit yo nan lekòl prive. Pou rive an 1971, tribinal la ta dakò pou itilize otobis pou simonte segregasyon rezidansyèl ki te separe timoun nwa ak blan yo. Partikilyèman nan Lesid, efò pou entegrasyon an te mache, paske yon bon kantite timoun nwa ki te ale nan lekòl kote majorite timoun yo te blan te ogmante de 0.1% an 1960 a yon maksimòm de 44% an 1988. . . .

Sous: Rebecca Winters, “No Longer Separate, But Not Yet Equal,” *Time*, May 10, 2004

Dokiman 3b

. . . Menm si efè *Brown* te fè yo te lan pou yo fèt—vrè desegregasyon an te fèt sèlman avèk Lwa sou Dwa Sivil la ki te pase an 1964 ansanm ak aplikasyon agresif Depatman Jistis la, ki te refize lajan federal pou tout lekòl ki te rete nan segregasyon—se te revolisyonè yo te ye. Greenberg [Jack Greenberg, yon manm ekip avoka *Brown* lan] site prèv ankourajan jodi a avèk apwòch vè mwaye plen an : genyen manm kabinè ki nwa nan administrasyon Demokrat kou Repibliken; nwa yo genyen pozisyon anchèf nan direksyon gwo konpayi tankou Citibank, Xerox, Time Warner, ak Merrill Lynch. Lè Greenberg te kòmanse pratike dwa an 1949 te gen sèlman de depite Ameriken nwa. Jodi a [2004] genyen 39.

Brown “te kraze ansyen sistèm politik peyi a nan lè sa a,” Greenberg deklare. Depite nan lesid yo te fè tout efò pou yo anpeche Ameriken Nwa yo jwenn pouvwa, men *Brown* te fasilite chanjman. Jij Carter [Robert Carter, yon manm nan ekip avoka *Brown* lan] kwè pi gwo reyalizasyon desizyon an se te pou kreye yon klas mwayèn nwa : “Tribinal la te di tout moun egal, kidonk kounye a ou genyen kòm dwa.” . . .

Sous: Kristina Dell, “What ‘Brown’ Means Today,” *Time*, May 17, 2004

3 Selon dokiman sa yo di **de** efè desizyon *Brown v. Board of Education* Lakou Siprèm lan te genyen sou sosyete Amerikèn nan. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

. . . **KESYON:** Mesye Prezidan, nan firè [debòdman] akòz desizyon Lakou Siprèm lan [nan *Engel v. Vitale*] sou priyè nan lekòl yo, kèk nan manm Kongrè a t ap entwodwi lejislasyon pou amandman Konstitisyonèl prezizeman pou sanksyone [pèmèt] priyè oswa egzèsis relijye nan lekòl yo. Èske w ka ban nou opinyon w sou desizyon an, ansanm ak manèv Kongrè a ap fè pou l echwe [pase kote] li?

PREZIDAN AN: Mwen poko wè ankenn mezi nan Kongrè a epi ou oblije detèmine ki kalite langaj y ap itilize, epi ki efè sa ta genyen sou Premye Amandman an. Lakou Siprèm lan te fè jijman li, epi li evidan yon pakèt moun pa pral dakò avèk li. Gen lòt ki pral dakò avèk li. Men mwen panse li enpòtan pou nou si nou pral kenbe prensip Konstitisyonèl pou nou apiye desizyon Lakou Siprèm yo menm lè nou pa dakò avèk yo.

Anplis, nou genyen nan ka sa a yon remèd fasil, e se pou nou priye noumenm epi nou ta panse se ta yon rapèl ki byenveni pou tout fanmi Ameriken pou nou priye plis lakay nou, nou ka al nan legliz nou avèk plis fidelite, epi nou ka vin fè siyifikasyon priyè pi enpòtan nan lavi tout timoun nou yo. Pouvwa sa a ouvri devan nou tout. . .

Sous: President John F. Kennedy, News Conference, June 27, 1962

4a Ki **yon** efè *desizyon Engel v. Vitale* te genyen sou lekòl piblik Ozetazini? [1]

Score

b Ki sa Prezidan John F. Kennedy sijere kòm yon “remèd” pou moun ki pa dakò avèk desizyon Lakou Siprèm lan nan *Engel v. Vitale*? [1]

Score

Dokiman 5

ATLANTA, 21 Nov. — Alòske Prezidan Clinton ak nouvo lidèchip Repiblikan an nan Kongrè konsidere kèk mezi ki ta va pran pou yo retounen priyè òganize nan lekòl piblik yo, li ta bon pou nou sonje yon bagay.

Lapriyè a la deja.

Malgre yon desizyon Lakou Siprèm lan [*Engel v. Vitale*] 32 zan de sa ki fè konnen priyè nan lekòl ak lekti Labib pa konstitisyonèl menm si yo volontè, priyè kontinye fè pati aktivite nan lekòl yo depi lè yo kòmanse avèk moman silans lè maten pou rive nan lè dejene epi priyè anvan jwèt foutbòl ni pou jwè yo ni pou fanatik yo.

Fòm priyè ki pi komen an se sa leta mande pou yon moman silans okòmansman jounen an, ke yo pemèt men ki pa konsidere kòm yon fowòm priyè òganize. Men, patikilyèman nan Lesid, klib relijye yo, gwoup priyè yo ak elèv ki vle lapriyè ansanm ak gwoup kominotè yo ap fè ansòt pou relijyon ak lapriyè fè pati jounen lekòl la. . . .

Sous: Peter Applebome, "Prayer in Public Schools? It's Nothing New for Many,"
New York Times, November 22, 1994

5 Selon Peter Applebome, ki **de** fason lapriyè nan lekòl piblik yo te kontinye malgre desizyon Lakou Siprèm lan te pran nan *Engel v. Vitale*? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

Nan deseni aprè desizyon sou ka *Engel* an, tribinal federal yo te kontinye tande kèk ka epi pran desizyon sou pwoblèm ki gen rapò ak separasyon legliz ak leta.

FRANKFORT, Ky. — Yon gwoup sivik pral retounen yon moniman ki gen Dis Kòmandman yo sou li nan Frankfort sèlman si chèf politik yo bay asirans yo pral ekspoze l piblikman, jan yon nouvo lwa vin pèmèt sa. . . .

Moniman Dis Kòmandman an te fè pati yon lis pwoblèm relijye ki t ap grandi [Govènè Ernie] Fletcher ak lòt chèf politik yo te fè fas ak pwoblèm sa yo ane sa a. . . .

Eagles yo [yon òganizasyon fratènèl] te fè eta a kado moniman Dis Kòmandman an an 1971. Yo te retire l nan Capitol la epi yo te mete l nan depo nan mitan ane 1980 yo pandan yon pwojè konstriksyon. Lè chèf politik yo te eseye ekspoze l ankò an 2000, Inyon Amerikèn pou Libète Sivil (ACLU) te al nan tribinal, kote yo fè konnen moniman an se yon apui pou relijyon ki pa konstitisyonèl. ACLU te genyen ka a. . . .

Lejislatè yo te pase yon pwojè-lwa ki te mande pou yo retounen moniman an. Menm pwojè-lwa a te bay gouvènman lokal yo pèmisyon pou yo ekspoze kòmandman yo nan tribinal yo ak nan lòt edifis piblik.

Kentucky te nan mitan konba legal nan ane ki sot pase yo sou koze kòmandman yo. Nan yon ka *McCreary County v. ACLU* [2005], Lakou Siprèm Etazini te deside ekspozisyon andedan tribinal la nan konte McCreary ak Pulaski yo te enkonstitisyonèl. Non yon lòt [ka nan tribinal enferyè], *Mercer County v. ACLU*, Kou Dapèl 6èm Sikonskripsyon Etazini an te di yon ekspozisyon konsa nan Tribinal nan Konte Mercer a konstitisyonèl paske li te genyen ladan lòt dokiman istorik. . . .

Sous: "Ten Commandments, other issues generating debate in Ky.," *Associated Press*, April 13, 2006

6 Selon dokiman sa a, ki **yon** pwoblèm ki genyen nan deba kontinyèl sou zafè separasyon legliz ak leta a? [1]

Score

Dokiman 7


. . . menm jan avèk lòt desizyon Warren Court yo, *Miranda* te ogmante edikasyon piblik la sou zafè dwa konstitisyonèl. Avètisman *Miranda* yo se ka mo ki pi selèb Lakou Siprèm Etazini te janm ekri. Ak piblikasyon [distribisyon] pwopagasyon pou avètisman *Miranda* yo nan plizyè [nombre] pwogram televizyon ansanm ak nan sinema ak nan woman kontanporè, lekti dwa *Miranda* yo vin yon son fanmiye pou pifò Ameriken epi se yon mo ki komen anpil. Kòm Samuel Walker ekri, “[t]out elèv nan lekòl segondè konnen yon akize gen dwa pou egzèse dwa *Miranda* yo. “Souvan enfòmasyon yo genyen yo pa kòrèk, men prensip yo mete la se pou limite aksyon polis ak pinisyon pou vyolasyon lwa sa yo, se yon bagay ki byen etabli.” Kòm nou te wè, yon ankèt nasyonal ki te fèt an 1984 te revele 93% nan moun ki reponn sondaj la te konnen yo te gen dwa pou yo gen yon avoka, epi yon ankèt nasyonal yo te fè an 1991 te jwenn 80% nan moun ki te reponn sondaj la te konnen yo gen dwa pou yo rete an silans si yo arete yo. Petèt sa pa dwe yon sipriz, jan anpil nan sijè rechèch mwen yo fè m konnen, gen kèk akize ki afime dwa yo menm avan yo ba yo avètisman *Miranda* a oswa nan kèk sitiyasyon kote avètisman polis la pa yon egzijans legal. Anfèt, nan trant dènye ane yo, dwa *Miranda* te sitelman anrasine [byen etabli] nan fòklò popilè Ameriken an kote li vin yon pati eritaj ki pa ka efase kolektif ak konsyans nou. . . .

Sous: Richard A. Leo, “The Impact of ‘Miranda’ Revisited,”
The Journal of Criminal Law and Criminology, Spring 1996 (adapte)

7 Selon Richard A. Leo, ki **yon** efè desizyon *Miranda* a genyen sou sosyete Ameriken an? [1]

Score

Dokiman 8a



Sous: Charles Brooks, *Birmingham News* (adapte)

Dokiman 8b

. . . Reyalite ki byen familje sèke sistèm jistis penal ki twouble anpil la sèke souvan pa egzije ankenn pri pou krim. Yon granmoun kasèdkay gen sèlman yon chans sou 412 pou l ale nan prizon pou nenpòt nan zak li fè yo, selon Gregory Krohm nan Sant pou Etid Chwa Piblik ki nan Enstiti Politeknik nan Vijini. Pou jèn yo ki poko gen 17 an, chif la se youn sou 659 vòl, avèk yon chans pou l sèlman sibi yon nèf mwa nan prizon si se chans li pou 659-sou -1 an fèt. Anpil kritik konvenk ke se desizyon sou dwa konstitisyonèl Warren Court la ki kreye an grann pati chans sa yo ki te bay akize kriminèl yo plis dwa. Mapp, Escobedo, Miranda and Wade* se toujou kèk non ki fè avoka ki defann lwa piblik yo aranje. Men malgre tout ane ki pase nan pale epi kat nominasyon Nixon yo, tribinal la jiska prezan sèlman vle fè yon ti koupe nan règ yo, men pa ranvèse yo. Li klè nouvo desizyon yo ajoute sou travay tribinal yo, epi kèk ekspè kwè yo te antrave kapasite sistèm jistis penal la pou l kondane akize ki koupab yo, byenke jiska prezan pa gen ankenn etid ki demontre gen domaj ki enpòtan. . . .

Sous: "The Crime Wave," *Time*, June 30, 1975

*Nan ka *Etazini v. Wade* (1967), Tribinal la te deside akize yo gen dwa pou yo gen yon avoka pandan pandan polis aliye yo pou idantifye yo. Sa **pa** rapò ak *Roe v. Wade*.

8 Selon desen a ak atik *Time* lan, ki **yon** efè desizyon Warren Court yo genyen sou krim? [1]

Score

Dokiman 9

WASHINGTON — Lakou Siprèm lan, aprè l fin refize ranvèse plis pase twa deseni pratik aplikasyon lwa ki etabli, yè Lakou Siprèm te reafime avèk anpil fòs desizyon enpòtan Miranda [*Miranda v. Arizona*] li a, ki egzije polis enfòm akize kriminel yo dwa yo genyen pou yo rete an silans epi pou yon avoka reprezante yo pandan entèwogasyon polis la.

Nan yon opinyon 7-2 Jij anchèf la William H. Rehnquist, tribinal la te deside egzijans pou yo li pou akize kriminel yo “dwa Miranda yo” anrasine nan Konstitisyon an epi yo paka ranvèse li avèk yon lwa Kongrè a. Lejislatè federal yo te pase lwa pou chèche defè desizyon Miranda a an 1968, dezan aprè desizyon an.

Sèt jij yo ki nan majorite a te kite san repons kesyon konsènan si yo ta va pran menm desizyon ak senk jij orijinal yo ki te an majorite nan Miranda a konsènan dwa konstitisyonèl akize kriminel yo. Men yo site tradisyon tribinal la genyen ki la lontan pou respè jij ki te la avan yo, jij yo te di yo gen rezon konvenkan pou yo pa enfime l kounye a.

“Miranda te vin antremele nan pratik woutin lapolis nan pwen kote avètisman yo te vin fè pati kilti nasyonal nou an,” selon sa Rehnquist te ekri, limenm ki se yon moun ki te kritike souvan desizyon Miranda lè l te fèk debite nan tribinal la. . . .

Sous: “Miranda warnings upheld, Supreme Court says right now deeply rooted,”
Florida Times Union, June 27, 2000

9 Selon dokiman sa a, poukisa Lakou Siprèm lan te deside pou l pa ranvèse desizyon an nan *Miranda v. Arizona*? [1]

Score

Pati B

Disètasyon

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon ki byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, epi yon konklizyon. Itilize prèw ki sòti *nan pi piti senk* dokiman nan devlopman disètasyon an. Kore repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay enpòtan. Mete enfòmasyon anplis ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Ant 1953 ak 1969, Jij Anchèf Lakou Siprèm Etazini an se Earl Warren. Desizyon nan Lakou Siprèm yo te pran pandan peryòd “Warren Court” la te pote anpil chanjman enpòtan nan diferan aspè nan lavi Ozetazini. Plizyè ka enpòtan te afekte pwoteksyon egal selon lalwa, separasyon legliz ak leta, ak dwa moun yo akize pou krim.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman an epi ak konesans ou nan istwa etazini, ekri yon disètasyon kote ou

- Diskite sou fason Warren Court la te afekte sosyete Ameriken an

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire w pou

- Devlope tout aspè sa yo mande w fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan senk* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan.
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ki klè; ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

The University of the State of New York

Part I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA ETAZINI
AK GOUVÈNMAN

Jedi, 29 janvyè, 2009 — 9:15 a.m. a 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Gason

Fi

Elèv Sèks:

Pwofesè

Lekòl

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons sa a, ekri repons ou yo pou Pati III A a nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Pati II a ak Pati III B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

Final Score (obtained from conversion chart)

No. Right

Fò w siyen deklarasyon anba a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi fou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

decire li la a

decire li la a

